

Vin patisipe nan yon aktivite sou admisyon nan lekòl segondè an novanm lan!

Chè fanmi,

Èske w gen kesyon toujou sou admisyon nan lekòl segondè? Nou kontan anpil pou envite w patisipe nan youn nan pwochen sesyon enfòmasyon vityèl nou yo! Nou ankouraje tout fanmi Vil Nouyòk ki gen elèv nan 8yèm ane (ansanm ak fanmi elèv ki nan 9yèm ane pou premye fwa ki enterese) pou patisipe.

Pandan sesyon sa yo, nou pral kouvri prensip debaz pwosesis admisyon nan lekòl segondè nan Vil Nouyòk epi reponn kesyon moun poze pi souvan yo, tankou fason yo fè òf SHSAT ak fason yo itilize nimewo oaza yo bay pitit ou a. Aprè chak prezantasyon, n ap reponn kesyon ou genyen.

Pou patisipe nan nenpòt aktivite sa yo:

- Nan kòmansman chak aktivite, tanpri klike sou <https://bit.ly/2023FallHSEvents>
 - Id Webinar: 971 5924 2580 | Kòdpas: 123456 oswa
- Pou patisipe nan telefòn:
 - Rele nan + 646 558 8656
 - Liy konferans: 97159242580#
 - Passcode 123456#

Gen entèprèt pou langaj an siy pou moun ki bèbè/soud (American Sign Language, ASL) nan tout sesyon yo.

Orè aktivite yo:

- **Mèkredi 15 novanm (6pm – 7pm)**
 - Pou entèpretasyon nan lang chinwa (Mandaren), rele nan +1 3479664114 | ID Konferans nan telefòn: 205 803 277#
 - Pou entèpretasyon nan lang panyòl, rele +1 347 966 4114 | ID Konferans nan telefòn: 131 496 230#
- **Vandredi 17 novanm (3pm – 4pm)**
- **Madi 28 novanm (6pm – 7pm)**

N ap tann patisipasyon w epi nou espere ou ka patisipe nan youn nan sesyon nou yo!

Tanpri, asire ou kontinye rete konekte lè w ale sou sitwèb nou an, schools.nyc.gov/HS.

Avèk sènsèrite,
Ekip admisyon lekòl segondè a
Biwo enskripsyon elèv



Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè ak/oswa lekòl presegondè nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w ta renmen retire non w pou w pa resevwa pwochen mesaj sou admisyon nan lekòl segondè ak/oswa lekòl presegondè, tanpri klike [la a](#).